

# 12 novembre

**C'est moi, c'est moi qui vous console !...**

**Moi, je suis l'Éternel, ton Dieu.** Ésaïe 51. 12, 15

**Comme quelqu'un que sa mère console, ainsi moi, je vous consolerais ; et vous serez consolés.** Ésaïe 66. 13

**C'est moi**

*Marc 6. 45-52*

La mer était sans doute calme quand les disciples de Jésus sont montés dans la barque. Mais voici que tout à coup se lève un vent contraire, et la frêle embarcation est secouée par les vagues.

Qui, dans sa vie, n'a pas connu des moments d'angoisse ? Que faire alors ? Regarder autour de soi, c'est faire l'expérience que "la délivrance qui vient de l'homme est vaine" (Psaume 60. 11). Essayer de s'en sortir par soi-même en ramant de toutes ses forces, cela ne mène à rien !

Suivant ses instructions, les disciples ont laissé Jésus sur le rivage, et ils oublient déjà de se confier en lui. Voici quelqu'un qui s'approche : Jésus vient vers eux, il marche sur la mer (Marc 6. 48). Les disciples ont peur et s'écrient : "C'est un fantôme !" (Matthieu 14. 26). Ont-ils déjà oublié que, d'une parole, un autre jour de tempête, Jésus avait parlé au vent et à la mer et qu'aussitôt le calme était revenu ? (Marc 4. 39). Ils poussent des cris de frayeur. Jésus passe à côté d'eux pour tester leur foi. Vaut-il retourner sur le rivage et les laisser dans la détresse ? Non. Il leur parle et, sans leur reprocher de ne pas l'avoir reconnu, il les rassure : "C'est moi !". Moi, Jésus. "Il monta auprès d'eux dans la barque, et le vent tomba" (Marc 6. 50, 51).

Ami chrétien, toi qui as de gros soucis, qui passes peut-être par la détresse, Jésus s'approche de toi. Il te parle. Écoute-le. Il connaît ton épreuve : ouvre-lui ton cœur.

# 12 novanm

**Se mwen menm k ap ba nou kouraj !...**  
**Se mwen menm, Senyè a, ki Bondye w la.**

Ezayi 51. 12, 13

**Menmjan yon manman konsole pitit li, se konsa m ap konsole nou nan lavil Jerizalèm.** Ezayi 66. 13

## **Se mwen**

*Mak 6. 45-52*

Sanble lanmè te kal, lè disip Jezi yo te moute nan kannòt la. Men, touswit yo te fin moute nan kannòt la, te genyen yon gwo van tanpèt ki t ap soufle byen fò e vag lanmè a t ap souke ti kannòt la pou chavire l.

Kilès nan lavi ki konnen kèk moman dangwas ? Alò Kisa ou ka fè nan yon sitiyasyon konsa ? Si ou gade akote ou, ou ka konprann, lòt moun pa ka fè anyen po ou (Sòm 60. 11). Lè ou ta eseye pou ou soti poukont pa ou ak fòs ou, ou pa ka fè anyen !

Jezi te voye disip li yo ale, li te rete dèyè, touswit apre disip yo fin kite Kris, yo gentan bliye mete konfyans yo nan li. Yo wè yon moun k ap vanse vin jwenn yo, Jezi te pran mache sou lanmè a pou l ale jwenn yo (Mak 6. 48). disip yo tèlman pè, yo pran rele : “se yon revenan !” (Matye 14. 26). Eske yo deja bliye yon jou konsa, te gen yon tanpèt e Jezi te pale ak tanpèt la, epi menm kote a van an te sispann ? (Mak 4. 39). Pandan y ap rele anmwe a, Jezi pase akote yo pou Li teste fwa yo. Eske Jezi pral retounen sou rivaj la, pou Li kite disip yo nan angwas la ? Non, Li pap fè sa, Li pale avèk yo, Li di yo konsa : “Pran tèt nou. Se mwen menm, nou pa bezwen pè. Li moute bò kote yo nan kannòt la, van an vin sispann” (Mak 6. 50, 51).

Zanmi kretyen, ou menm ki gen gwo sousi, k ap pase anba yon detrès, Jezi ap pwoche bò kote ou. L ap pale avèk ou. Koute Li. Li konnen eprèv ou an, louvri kè ou bay Li.